



DWA LASANTE PO TOUT MOUN

Chak moun gen aksè ak swen medikal kèlkeswa estati imigrasyon ou



Pa Pè Chache Swen Medikal

Si ou malad, oubyen blese oubyen ou bezwen konsilte, rele doktè ou oubyen sant sante ki pi prè lakay ou a. Rele doktè ou si ou gen lafyèv, si wap touse anpil, si ou santi fatig, oubyen si ou pa ka pran sant. Rele 911 nan ka ijans oubyen vizite depatman ijans lopital la.

Ou gen dwa pou ou ale fe test e pran tretman pou Cowonanviris la.

Lwa federal ak state rekomande toute lopital ak cente sante pou kenbe information toute patyan personel et konfidentyel (yo dwe pwoteje enfomasyon estati imigrasyon w tou).

Gen resous gouvènman ki disponib pou ou.

MassHealth Limite " ka peye pou test avek tretman pou sitwayen ak imigran ki pa kalifye pou lot pwogram gouvènman si'w afakte nan viris la . MassHealth Limited, pap konsidere kom yon decision piblik pou chage w, ki vle di li pap afekte rezidans ou (Green Card).

